



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE EKIP SEKOU NAN DLO VIV AK EKIPMAN
POU KAWOLIN DINÒ AVAN SIKLÒN HELENE**

***Pèsonèl Eta ak chyen ki soti nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans, Biwo
Prevansyon ak Kontwòl Ensandi, Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal ak
Lapolis Eta a sou wout***

Siklòn Kategori 3 prevwa fè aterisaj Nan Florid aswè a oswa bonè demen

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a deplwaman yon ekip 16 pèsonèl sekou nan dlo viv, de chyen ak ekipman repons pou ijans pou ede kominote yo ki te afekte pa Siklòn Helene. Ekip la, ki gen manm Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control) Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services), Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Lapolis Eta a, ap sou wout pou l ale nan Conover, Kawolin Dinò (North Carolina) kote yo pral deplwaye jan yo mande yo.

"Nouyòkè yo dirije atravè egzanp epi ede vwazen nou yo nan moman dezespwa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip ekspè sekou nan dlo viv nou an ak ekipman yo pral pote avèk yo pral ede sove lavi epi pwoteje kont potansyèl destriksyon pwopriyete nan kad siklòn Helene. Mwen remèsye Nouyòkè brav sa yo paske yo te reponn ak apèl la epi mwen ap tann retou an sekirite yo."

Ekip sa a ka fè rechèch ak sekou nan dlo pou moun ak bèt, bay swen medikal ijans ak sipòte operasyon sekou elikoptè. Yo resevwa fòmasyon pou opere nan zòn ki gen aksè ak wout, sèvis piblik, transpò ak enstalasyon medikal ki konpwomèt, epi ak disponiblite limite an tèmabri, manje ak dlo. Ekipman yo voye nan Kawolin Dinò ak ekip la gen ladan bato Zodiac ak motè ak trelè, de veyikil sekou ak dròn.

Yo te deplwaye pèsonèl nan kad Kontra Asistans pou Jesyon Ijans (Emergency Management Assistance Compact, EMAC), sistèm èd mityèl nasyonal pou tout danje nan peyi a. EMAC te ratifye pa Kongrè Ameriken an (PL 104-321) epi li se lalwa nan tout 50 eta, Distri Columbia, Pòtoriko, Guam, Zile Vyèj Ameriken yo ak Zile Northern

Mariana. Manm EMAC yo ka pataje resous ki soti nan tout disiplin yo, pwoteje pèsonèl ki deplwaye epi yo ka ranbouse yo pou depans ki gen rapò ak misyon yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Nouyòkè yo konnen twò byen konsekans move tan ka genyen sou yon kominote. Nou toujou dispoze bay yon koutmen pou ede lòt eta ki nan bezwen yo, epi nou remèsye moun ki kounye a sou wout pou bay sipò pou moun ki pral afekte pa Siklòn Helene."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la, Sean Mahar, te deklare, "Gad Forè DEC yo se kèk nan pwofesyonèl rechèch ak sekou ki pi byen fòme nan peyi a epi nou gen chans pou yo toujou dispoze reponn ak apèl lè lòt eta yo nan bezwen. Pandan preparasyon pou aterisaj siklòn Helene lan ap kontinye, mwen remèsye ekspè nou yo paske yo te aksepte defi a epi yo te rejwenn yon ekip ewo ki soti toutpatou nan Eta New York."

Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "Lapolis Eta New York te toujou reponn ak apèl pou asistans nenpòt kote li nesesè. Nou fyè pou nou travay men nan men ak Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan ak Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la pou bese sityasyon ijans sa a. Manm nou yo pral ede patnè nou yo ak efò sekirite piblik ak rekipèrasyon toutotan sa nesesè."

Ekip Rapid nan Dlo Viv la se jis dènye egzanp Eta New York ki voye asistans bay lòt eta pou ede ak ijans. Depi kòmansman ete sa a, Gouvènè Hochul te deplwaye yon total 45 Nouyòkè, ki gen ladan 26 Gad Forè DEC, pou goumen kont ensandi nan Montana ak Oregon. Ponpye New York ki resevwa fòmasyon espesyalize yo sèvi kòm lidè gwoup travay, lidè inite enstalasyon yo, ekip ponpye, ak nan ekip sipresyon yo. Youn Gad Forè rete deplwaye nan ensandi Homestead Complex la sou Umpqua National Forest nan Oregon epi li pwograme pou l retounen lakay li 9 oktòb.

Siklòn Helene, ki kounye a se yon tanpèt Kategori 3, yo prevwa pou l ranfòse epi fè aterisaj nan zòn Big Bend nan Florid aswè a oswa byen bonè vandredi pandan l ap pote van toupre 161 kilomèt alè. Apre aterisaj, Helene prevwa vire nan nòdwès epi ralanti sou Tennessee Valley nan vandredi ak samdi.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)